

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Prosés atikan sacara formal diwujudkeun dina kagiatan pangajaran di sakola. Sangkan nepi kana tujuan, pangajaran bisa dilaksanakeun ku cara diajar anu inovatif tur kréatif. Hal penting anu kudu dikawasa ku siswa nyaéta kaparigelan. Nyarita mangrupa salasihiji tina opat kaparigelan basa anu kudu dicangking. Luyu jeung nu ditepikeun ku Rohani (2017, kc. 153) dina pangajaran basa Sunda wajib ngawasa opat komponen kaparigelan nyaéta: ngaregepkeun, maca, nyarita, jeung nulis. Ngawasa kaparigelan nyarita bisa numuwuhkeun kreatifitas jeung bisa ngébréhkeun rasa kalawan wantér.

Nurutkeun Abidin (dina Setyanto Spk., 2013) dina enas-enasna, nyarita téh kamampuh hiji jalma pikeun ngébréhkeun ide, gagasan, atawa pamikiran ka jalma lian sacara lisan. Anu maksudna yén nyarita téh kudu miboga tujuan anu sipatna informatif ka balaréa. Upama nilik kana pamadegan Danadibrata (2015, kc.131) nyarita téh ngomong atawa ngadongéng. Luyu jeung pamadeganna Majid (dina Martha jeung Krisnawati, 2019) nyarita téh nepikeun hiji carita ka pamiarsa. Leuwih jero deui Nurgiyantoro (dina Mustia, 2017, kc.12) nétélakeun yén nyarita téh mangrupa salasihiji wangun tina kamampuh ngomong anu miboga tujuan pikeun ngedalkeun hiji obrolan anu sipatna pragmatis. leuwih legana nurutkeun Haerudin jeung Suherman (2013, kc. 87) nétélakeun yén nyarita miboga fungsi pikeun miara hubungan sosial, ngamumulé warisan budaya, numuwuhkeun poténsi diri, dinamika sosial, jeung mindahkeun nilai budaya.

Dumasar kana tiori para ahli di luhur, bisa dicindekkeun yén nyarita téh mangrupa kamampuh hiji jalam dina ngébréhkeun pikiran jeung rasana sacara lisan anu teu langsung bisa numuwuhkeun tatabasa, polah ucap, kandaga basa ogé daya mikir jeng imajinasina. Sacara teu langsung kaparigelan nyarita diwangun tina hasil pangalaman sacara émpiris.

Nyarita aya patalina jeung dongéng sabab dongéng bisa ditepikeun sacara lisan atawa tulisan (karya). Upama sacara biasa disebut ngadongéng, ari ngadongéng téh nyaéta kamampuh lisan anu miboga tujuan pikeun ngébréhkeun hasil kréatifitas mikir jeung imajinasina kalawan bisa nyugemakeun pamiarsa. Tina ieu pasualan Latif (dina Endah Spk., 2020, kc. 208) nétélakeun yéng ngadongéng téh nyaritakeun dongéng, ku intonasi anu jelas, méré rasa bungah, kréatif, miboga tujuan, jeung beunghar ku nilai-nilai anu hadé.

Dongéng dina pangajaran basa Sunda kaasup dina kurikulum SMP/Mts kelas VII larap dina KIKD keterampilan 4.5 *Menyusun dan mengkomunikasikan dongeng yang disimakinya dengan memperhatikan struktur dan aspek kebahasaan, pelapalan dan lagu kalimat (lentong), serta ekspresi yang tepat*. Udagan anu kudu dihontal ku siswa dina ieu KD nyaéta mampu ngadongéng kalawan merhatikeun struktur jeung aspek kebahasaan, pelapalan jeung lagu kalimat (lentong), sarta éksprési anu hadé ku pinuh rasa percaya diri.

Nilik kana jaman kiwari, yén aktifitas ngadongéng téh kurang diperhatikeun ku para sepuh ka budakna. Teu siga jaman baheula, unggal rék saré budak sok dipépendé ku carita dongéng. Ayeuna mah sepuh leuwih milih mangmeulikeun budakna *gawai*, ti batan ngaluangkeun waktuna pikeun nyarita jeung budakna. Handayani (2020, kc. 497) nétélakeun tumuwuhna téhnologi hampir nyieun masarakat ningalkeun tradisi lisan, utamana mah ngadongéng.

Ieu hal jadi pasualan ogé pikeun pendidik, sabab guru kudu miboga peran aktif pikeun ngaping siswa dina diajar ku ngagunakeun média anu diperlukeun pikeun ngarojong motivasi diajar siswa. Salasahiji faktor penting dina kagiatan pangajaran nyaéta dina ngagunakeun média. Média anu dilarapkeun dina kagiatan pangajaran bisa ngaronjatkeun kahayang jeung minat anyar, ngawangun motivasi, jeung rangsangan diri, nepi ka bisa mawa pangaruh psikologis pikeun siswa, jeung ngalarapkeun média pangajaran bakal ngahudangkeun suasana diajar anu leuwih interaktif tur nyugemakeun.

Kaonjoyan média dina mangsa kiwari, bisa ngabantuan guru dina prosés Pembelajaran Jarak Jauh (PJJ) diluareun sakola. Ayana pademik COVID-19, guru bisa leuwih lalusa dina ngulik média pangajaran sangkan prosés pangajaran lumangsung kalawan nyugemakeun siswa ku ayana variasi média dina kagiatan pangajaran. COVID-19 maksa sakabéh kagiatan masarakat kaasup siswa pikeun diajar di imah masing-masing atawa *Work From Home* (WFH). Minangka hiji tungtutan pangajara, perlu ayana solusi pikeun ngungkula pasualan dina kagiatan diajar. Pangajaran di sakola kudu tetep lumangsung kalawan bisa ngamanfaatkeun téhnologi, média jeung tanaga pendidik nu aya. Peran guru dina pangajaran teu bisa diganti ku téhnologi, tapi ku ayana téhnologi guru miboga poténsi anu leuwih kuat. Guru kudu bisa ngaping siswa sangkan nepi kana tujuan kagiatan pangajaran kalawan éféktif. Peran utama guru nyaéta bisa ngawangun sikep, watek, jeung karakter siswa.

SMP Negeri 11 Depok salasahiji tina unggal sakola nu aya di daérah Depok anu siswana téh notabéne lain pituin Sunda. Basa nu digunakeun tangtu campur, lolobana maké basa Indonesia. Lamun nilik wilayah géografisna, Depok aya dipasisieun DKI Jakarta jeung Bogor masarakatna ogé hétérogén. Pangalaman nu nyampak ti siswa dina ngadongéng nyaéta kurang ayana motivasi diajar kalawan proses pangajaran anu inovatif tur kréatif. Tina ieu hal, guru mikabutuh média pangajaran anyar anu bisa ngaronjatkeun kamampuh ngadongéng siswa.

Nurutkeun Mulyadi (dina Pebri, 2018) wayang golék fabel mangrupa inovasi jeung kréatifitas dina dunya atikan anu dinamis. Jadi, kudu loba terobosan dina nepikeun édukasi ka siswa dina ngaregepkeun, nyarita, nulis, maca, jeung sastra. Jadi aya lima kamampuh dina ngawangun karakter budak.

Wayang golék fabel minangka inovasi édukati anu digunakeun pikeun média pangajaran dina ngalarapkeun métode nyarita. Ieu tujuan luyu kana tujuan Strategis Kemendikbud nyaéta dina ningkatkeun mutu jeung relevansi pangajaran anu oriéntasina kana Pendidikan karakter. Pergelaran wayang golék fabel dipintonkeun ku dalang awéwé Putri Indah Pertiwi, kalawan diakomodir ku Dinas Pendidikan kota Depok salaku média pangajaran Pendidikan penguatan karakter ku jalan ayana

pergelaran ka para siswa jeung pelatihan-pelatihan ka para guru ngaliwatan MGMP Basa Sunda kota Depok jeung dirojong organisai kasundaan di kota Depok. Ieu média digunakeun pikeun sarana-sarana édukasi jeung informasi ka masarakat.

Média wayang salasahiji cara pikeun ngungkula éta pasualan, aya sababaraha panalungtikan skripsi anu nalungtik ngeunaan média wayang pikeun ngaronjatkeun kamampuh ngadongéng. Contona skripsi Ari Mustia (2017) anu judulna “*Efektifitas Penggunaan Media Wayang Kulit untuk Meningkatkan Kemampuan Mendongeng Kreatif Siswa di SDN 1 Kutasari, Baturraden*” medar ngeunaan éféktiditas wayang kulit pikeun ngaronjatkeun ngadongéng siswa di SDN 2 Kutasari. Aya ogé skripsi anu judulna “Keefektifan Penggunaan Media Wayang Dongeng dan Media Fotonovela Dengan Teknik Permainan Resep Gotong Royong untuk Meningkatkan Keterampilan Bercerita Pada Siswa Kelas VII SMP” ku Rahmawati (2011) anu cindekna, ngadongéng bisa ningkatkeun kamampuh nyarita, sabab siswa bisa nyonto cara guru nalika ngadongéng.

Sok sanajan panalungtikan di luhur médiana sarupa ngagunakeun wayang, tapi miboga ciri has identik ogé kréatifitasan séwang-séwangan. Anapon aya sababaraha unsur panalungtikan di luhur pikeun ngamekarkeun wayang kulit jeung wayang dongéng pikeun média pangajara, nyaéta unsur kréatif, inovatif, jeung konsép kebaruaran anu tujuanna sangkan budaya bisa ngigelan jaman. Aya hiji udagan pangajaran nu kahontal, yén ayana média wayang di sakola téh bisa ngaronjatkeun minat diajar siswa kana ngadongéng. Tina hasil panalungtikan di luhur jadi dadasar panulis pikeun ngamekarkeun “Média Wayang Golék Fabel pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Ngadongéng (Studi Kuasi Ékspérimén kas Siswa Kelas VII-7 SMP Negeri 11 Depok Taun Ajaran 2020-2021)”.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasara kana kasang tukang di luhur, kapanggih sababaraha pasualan, dina wangun kalimah tanya ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh ngadongéng siswa di kelas VII-7 SMP Negeri 11 Depok Taun Ajaran 2020-2021 saméméh ngagunakeun Média Wayang Golék Fabel?
- b. Kumaha kamampuh ngadongéng siswa di kelas VII-7 SMP Negeri 11 Depok Taun Ajaran 2020-2021 sabada ngagunakeun Média Wayang Golék Fabel?
- c. Kumaha bédana kamampuh ngadongéng siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun Média Wayang Golék Fabel?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan Umum tina ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun ngaronjatkeun kamampuh ngadongéng siswa kelas VII-7 SMP Negeri 11 Depok Taun Ajaran 2020-2021.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus ieu panalungtikan pikeun ngadéksripsikeun:

- a. kamampuh ngadongéng siswa di kelas VII-7 SMP Negeri 11 Depok Taun Ajaran 2020-2021 saméméh ngagunakeun Média Wayang Golék Fabel;
- b. kamampuh ngadongéng siswa di kelas VII-7 SMP Negeri 11 Depok Taun Ajaran 2020-2021 sabada ngagunakeun Média Wayang Golék Fabel
- c. bédana kamampuh ngadongéng siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun Média Wayang Golék Fabel.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan dipiharep bisa ngamotivasi guru dina ngembangkeun inovasi jeung kréasi média pangajaran ka siswa. Ku ayana média Wayang Golék Fabel siswa bisa leuwih apal kana seni, budaya, bahasa, jeung sastrana. Salian ti kitu dipiharep bisa leuwih ngaronjatkeun kamampuh siswa dina ngadongéng basa Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaat praktis anu bisa dihontal pikeun panulis ogé masarakat, saperti ieu di handap.

- a. Pikeun siswa, bisa ngaronjatkeun minat jeung kamampuh ngadongéng basa Sunda;
- b. Pikeun guru, bisa méré gambaran inovasi jeung kréatfitas dina média pangajaran Wayang Golék Fabel; jeung
- c. Pikeun panalungtik, bisa méré solusi pikeun ngawangun pangajaran anu ibovatif tur kréatif pikeun siswa.

1.5 Wangenan Operasional

Wayang golék fabel nyaéta salasahiji inovasi édukatif anu digunakeun minangka média pangajaran pikeun ngaronjatkeun kamampuh ngadongéng siswa kelas VII-7 SMP Negeri 11 Depok taun ajaran 2020-2021. Média ieu pikeun ngaronjatkeun karep, minat, jeung motivasi siswa dina diajar ngadongéng.

1.6 Raraga Tulisan

Ieu panalungtika baris dipidangkeun dina wangun skripsi anu disusun jadi lima bab, anu sistematika penyusunanna saperti ieu di handap.

Bab I bubuka, ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat tioritis jeung praktis, wangenan operasional, ogé dina ieu bab midangkeun raraga tulisan.

Bab II ulikan tiori, ngawengku konsép, tiori, média pangajaran, jeung rumu-rumus anu patalina jeung masalah panalungtikan. Lian ti kitu, dimuat ogé panalungtikan saméméhna anu luyu jeung widang anu ditalungtik, raraga mikir jeung hipotésis panalungtikan.

Bab III métode panalungtikan, ngawengku desain panalungtikan, sumber data, instrumén panalungtikan, prosedur panalungtikan, jeung analisis data.

Bab IV hasil panalungtikan jeung pedarana, anu eusina mangrupa hasil analisis jeung déskripsi ngeunaan média wayang golék fabel pikeun ngaronjatkeun kamampuh

ngadongéng Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-7 SMP Negeri 11 Depok Taun Ajaran 2020-2021.

Bab V kacindekkan jeung saran, anu eusina ngeunaan kacindekkan hasil panalungtikan jeung saran pikeun ka hareupna.